

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

3.1 Lokasi, Subyék Populasi, jeung Sampel Panalungtikan

3.1.1 Lokasi Panalungtikan

Lokasi panalungtikan mangrupa lokasi atawa tempat anu dipilih ku panalungtik pikeun néang jeung maluruh sarta anu bakal ngahasilkeun informasi data anu dipilih nalika panalungtik fokus kana mikro prosés anu kompléks.

Désa Karangpaningal Kecamatan Purwadadi Kabupatén Ciamis mangrupa tempat dumukna masarakat nu hétérogén, ti rupa-rupa golongan masarakat anu miboga kasang tukang, kabiasaan, jeung interaksi sosial nu béda-béda. Nya di éta tempat ayana Sekolah Menengah Pertama, SMP Negeri 1 Purwadadi anu prosés pangajaran jeung kagiatan diajarna ngagunakeun basa panganteur basa Sunda, tapi geusan kapangaruhan ku basa Indonesia jeung basa Jawa alatan kaayaan warga sakolana anu leuwih dominan ti urang Jawa.

Asupna jalma-jalma nu asalna ti saluareun Jawa Barat téh bisa mangaruhan kabudayaan urang sunda, nu utamana mah mangaruhan kana basana. Sacara sadar atawa teu sadar, tina éta hal pisan bakal muncul masalah campur kode, nya éta pacampurna basa Sunda jeung basa Jawa nalika lumangsungna prosés komunikasi jeung lumangsungna proses diajar. Murid bakal meunangkeun bangbaluh nyangkem kana pangajaran basa jeung sastra Sunda anu ditepikeun ku éta guru mata pelajaran, upama éta murid-murid teu dibiasakeun ngagunakeun basa Sunda jeung teu dibéré pangajaran ngeunaan basa anu jadi basa daérahna.

Cukang lantaran tina éta hal nya éta nalika siswa SMP aya di imah mah maranéhna téh ngagunakeun basa Jawa, ari nalika di sakola maranéhna ditungtut kudu bisa ngagunakeun basa Sunda jeung kudu bisa nyangkem kana pangajaran anu ditepikeun ku guruna. Tina éta hal pisan bakal nimukeun masalah téh, nya éta pagedrugna maksud atawa pesen tina omongan nu rék ditepikeun ka nu jadi lawan ngomongna.

Ku kituna luyu jeung naon-naon anu diébréhkeun di luhur, panalungtik nyokot lokasi dina ieu panalungtikan nya éta SMP Negeri 1 Purwadadi nu pernahna aya di Dusun Karangpaningal Désa Karangpaningal Kecamatan Purwadadi Kabupatén Ciamis Provinsi Jawa Barat.

3.1.2 Subjék Populasi Panalungtikan

Kecap populasi (*population*) sok disebut ogé *universum*, *universe*, jeung *universe of discourse*. Wangenan populasi numutkeun para ahli, di antarana nya éta numutkeun Gregory (Djailani, 1998: 107) dina Satori jeung Komariah (2009: 46) sacara jéntré nétélakeun populasi salaku objék sacara gembleng anu rélevan tina masalah nu ditalungtik. Populasi nya éta jumlah total tina sakabéh unit atawa élemén anu ngirut panalungtik (Kenneth D. Bailey: 85 dina Satori jeung Komariah, 2009: 46). Numutkeun Arikunto (2010: 173), populasi téh nya éta subjék panalungtikan sacara gembleng.

Luyu jeung pamadegan para ahli di luhur, Congelosi jeung Taylor (Djailani, 1998: 107) dina Satori jeung Komariah (2009: 46) ngébréhkeun yén populasi téh nya éta sakabéh unsur anu ditalungtik. Populasi bisa mangrupa organisme, salasaurang atawa sakelompok manusa, masarakat, organisasi, barang, objék, kajadian, atawa laporan anu sakabéhna miboga ciri nu kudu didefinisikeun sacara spésifik jeung teu ngaganda (Robert B. Burns, 2000: p.83 dina Satori jeung Komariah, 2009: 46).

Dumasar pamadegan-pamadegan para ahli di luhur, bisa dicindekkeun yén nu disebut populasi nya éta objék atawa subjék anu aya dina hiji wilayah topik panalungtikan sarta nyumponan sarat-sarat nu tangtu, patali jeung masalah anu ditalungtik.

Ku kituna, luyu jeung naon-naon anu diébréhkeun di luhur tadi sarta luyu jeung lokasi panalungtikan anu dipilih ku panalungtik, anu dijadikeun subjék populasi dina ieu panalungtikan nya éta guru jeung murid SMP Negeri 1 Purwadadi, Dusun Karangpaningal Désa Karangpaningal Kecamatan Purwadadi Kabupatén Ciamis.

3.1.3 Sampel Panalungtikan

Arikunto (2010: 174) nétélakeun yén nu disebut sampel téh nya éta sabagéan atawa wawakil tina populasi anu ditalungtik. Éta hal luyu jeung nu diébréhkeun ku Satori jeung Komariah (2009: 49) yén sampel nya éta sabagéan tina populasi. Nangtukeun sampel dina pamarekan kualitatif leuwih merenah disebut sumber data dina situasi sosial (*social situation*) nu tangtu anu jadi subjék panalungtikanana nya éta mangrupa wanda atawa barang, hiji hal atawa jelma anu di dirina nyangkaruk aya data ngeunaan objék anu rék ditalungtik.

Nurutkeun Arikunto (2010: 177-185), cara pikeun nangtukeun sampel panalungtikan nya éta salasihijina sampel random. Sampel random, sampel acak, atawa sampel campur, nya éta téhnik sampling nu cara nyokot sampelna ku cara ngadumaniskeun subjék-subjék nu aya di sajeroeun populasi nepi ka sakabéh éta subjék dianggap sarua. Ku kituna, panalungtik méré hak nu sarua unggal subjék pikeun meunangkeun kasempetan (*chance*) anu dipilih jadi sampel. Ku lantaran hak satiap subjék sarua, mangka panalungtik bisa leupas tina rasa ngaistimewakeun kana hiji atawa sababaraha subjék pikeun dijadikeun sampel.

Luyu jeung lokasi sarta subyék populasi panalungtikan nu geusan diébréhkeun, ogé luyu jeung naon-naon anu diébréhkeun ku para ahli di luhur, nu dijadikeun sampel dina ieu panalungtikan téh nya éta kelas VII. Tina éta kelas VII, panalungtik nyokot sampel ku cara random (acak) nya éta dipilih kelas VII-A, VII-F, jeung VII-H SMP Negeri 1 Purwadadi nu aya di Dusun Karangpaningal Désa Karangpaningal Kecamatan Purwadadi Kabupatén Ciamis. Ku kituna, dicokot tilu kelas tina éta entran kelas VII pikeun panalungtikan.


3.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nya éta sakabéh prosés anu diperlukeun dina rarancang panalungtikan jeung prakna panalungtikan nepi ka pananya anu aya bisa dijawab.

Dina ieu panalungtikan, aya sababaraha léngkah panalungtikan, di antarana nya éta (1) maca buku anu medar ngeunaan basa, alih kode, jeung

campur kode, (2) observasi, (3) ngabagikeun angkét, (4) ngolah data, (5) nganalisis data, jeung (6) nyusun laporan panalungtikan.

Bagan 3.1
Desain Panalungtikan



3.3 Metode Panalungtikan

Métodologi anu digunakeun ku panalungtik dina ieu panalungtikanna nya éta métode déskriptif. Métode déskriptif nya éta métode anu digunakeun pikeun ngadéskripsikeun fakta-fakta jeung sifat-sifat sacara faktual, sistematis, tur akurat (Suyatna, 2002: 14 dina Herni, 2011: 41). Dina harti luas, métode déskriptif ngawengku rupa-rupa panalungtikan anu taya pakuat-pakaitna kana hipotésis jeung ékspérimén, nu miboga tujuan pikeun ngadéskriptifkeun. Maksudna nya éta nyieun gambaran sacara sistematis, faktual, akurat ngeunaan fakta-fakta jeung sifat-sifat populasi atawa daérah nu geus ditangtukeun.

Ngagunakeun métode déskriptif, campur kode basa panganteur dina prosés nepikeun pangajaran basa jeung sastra Sunda di SMP Negeri 1 Purwadadi bakal

kapaluruh ku cara dikumpulkeun, dipasing-pasing, dianalisis, jeung nu pamungkas ditafsirkeun pikeun jadi hasil anu mangrupa data.

3.4 Definisi Operasional

Moh. Nazir (1999: 152) dina Astrini (2010: 41) nétélakeun yén wangenan operasional téh nya éta hiji wangenan pikeun hiji variabel ku cara méré harti atawa napsirkeun kagiatan atawa méré hiji operasional nu diperlukeun pikeun ngukur éta variabel.

Sangkan leuwih jéntré jeung babari dina ngalaksanakeun ieu panalungtikan, perlu ayana istilah-istilah anu digunakeun dina ieu judul panalungtikan. Di handap ieu baris dipedar wangenan tina istilah-istilah nu aya dina judul panalungtikan, di antarana nya éta:

- 1) Campur kode nya éta makéna dua unsur basa dina hiji omongan anu ngagunakeun hiji basa di mana antara unsur kahiji jeung séjénna silih mangaruhan sacara konsistén.
- 2) Basa panganteur pangajaran, nya éta alat pikeun sosialisasi manusa jeung sasamana dina prosés méré pangaweruh ka siswa jeung ngarubah kompetensi manusa éta sorangan sangkan diajar jeung mikanyaho kana hiji hal anu tadina teu apal atawa teu bisa jadi apal jeung bisa, sarta pikeun jadi mahluk sosial anu miboga kompetensi anu leuwih hadé.

Jadi anu dimaksud “*Campur Kode Basa Panganteur dina Prosés Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda di SMP Negeri 1 Purwadadi Kecamatan Purwadadi Kabupaten Ciamis Taun Ajaran 2012/2013*” nya éta hiji panalungtikan ka warga sakola, nya éta guru jeung murid ngeunaan gambaran basa anu dipaké di sakola salila lumangsungna prosés kagiatan diajar di éta sakola, anu ngawengku basa panganteur dina prosés pangajaran basa jeung sastra Sunda, anu hususna di kelas VII. Gambaran ayana kajadian ngagunakeunna campur kode dina basa panganteur pangajaran basa jeung sastra Sunda di éta sakola.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén mangrupa hal anu kawilang penting, sabab hasil henteuna panalungtikan dipangaruhan ogé ku instrumén anu digunakeun. Instrumén pikeun ngumpulkeun data téh bener-bener dirancang heula, dijieun, sarta diperlukeun salila prosés panalungtikan dilaksanakeun.

Arikunto (1996: 150 dina Astrini (2010: 42) nétélakeun yén instrumén panalungtikan téh nya éta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data. Dina perkara ngumpulkeun data, ieu instrumén pikeun ngagampangkeun dina nganalisis pamakéan basana. Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta instrumén anu mangrupa sistem kartu data. Cara nangtukeun kartu datana nya éta sakur basa atawa kecap anu kapanggih dina éta sumber hasil rékaman tuluy ditulis jeung dipindahkeun.

Data dina ieu panalungtikan dikumpulkeun ku cara obsérvasi, datang heula ka sakola anu jadi tempat atawa lokasi panalungtikan, nya éta SMP Negeri 1 Purwadadi. Data ngeunaan kasang tukang pamakéan basa sapopoé dikumpulkeun kalayan ngagunakeun angkét. Sedengkeun alat pikeun sadap rékam ngagunakeun *camera digital*, *tablet*, jeung *hand phone* salaku gaganti *tape recorder*. Maksud tina ngagunakeun éta alat rékaman nya éta pikeun ngagampangkeun panalungtik dina ngumpulkeun data. Salian ti ngagunakeun alat rékaman, digunakeun ogé catetan pikeun nyatet hal-hal anu dianggap penting.

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Angkét anu ditujukeun ka warga sakola, di antarana nya éta angkét pikeun:
 - a) Murid nu eusina 11 pananya ngeunaan dipakéna basa Sunda dina kahirupan sapopoé.
 - b) Guru nu eusina 14 pananya ngeunaan dipakéna basa Sunda dina kahirupan sapopoé.
- 2) Lambar transkripsi hasil rékaman warga sakola anu dibutuhkeun dina ieu panalungtikan, nya éta lambar transkripsi waktu prosés pangajaran basa jeung sastra Sunda di kelas VII (kelas VII-A, VII-F, jeung VII-H).
- 3) Kartu data digunakeun pikeun ngasupkeun sarta nganalisis data anu geus dimeunangkeun.

Bagan 3.2
Conto Format Kartu Data

No.	Data	No. Data	f			
			G	%	M	%
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)
Frekuensi				%		%
Jumlah			G		M	
					%	

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dumasar kana téhnik panalungtikan anu digunakeun, nya éta téhnik obsérvasi jeung téhnik sadap rékam. Téhnik obsérvasi dipaké pikeun nangtukeun sumber data panalungtikan. Ku ieu cara, panalungtik milu ancrub sacara langsung (milu partisipasi) ka lapangan pikeun nangtukeun tempat jeung ningali situasi lingkungan sarta populasi nu bakal ditalungtik. Salian ti éta, panalungtik ogé kalibet sacara langsung kumaha kajadian alih kode jeung campur kode anu digunakeun ku guru jeung murid di mana ngalakukeun sajumlahing komunikasi dina prosés KBM basa jeung sastra Sunda.

Ari téhnik sadap rékam dipaké pikeun ngumpulkeun data kana kajadian ayana pamakéan alih kode jeung campur kode basa Jawa jeung basa Indonesia kana basa Sunda ku warga sakola, nya éta ku guru jeung murid. Ku ieu cara, paguneman antara sumber panalungtikan nya éta guru jeung murid dina prosés

Novika Dewi, 2013

Campur Kode Basa Panganteur Dina Prosés Pangajaran Basa Jeung Sastra Sunda Di SMP Negeri 1 Purwadadi Kecamatan Purwadadi Kabupaten Ciamis Taun Ajaran 2012/2013
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

KBM, hususna nalika pangajaran basa jeung sastra Sunda kalawan jéntré bisa aya dina rékaman.

Ku kituna, téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik analisis data. Téhnik ngumpulkeun data ku cara obsérvasi nya éta ku cara ngabagikeun angkét, studi dokuméntasi, jeung téhnik sadap rékam. Ari téhnik *quisitioner* (ngabagikeun angkét) nya éta téhnik anu dianggap leuwih pas pikeun ngumpulkeun data ti sumber data anu aya di lapangan.

Prosés ngumpulkeun data anu dilakukeun dina ieu panalungtikan, ngagunakeun sababaraha léngkah:

- 1) Nepungan kepala sekolah jeung guru anu dipaké sumber data.
- 2) Ngabagikeun angkét ka warga sakola (guru jeung murid).
- 3) Ngarékam basa panganteur dina prosés pangajaran basa jeung sastra Sunda di kelas VII (VII-A, VII-F, jeung VII-H).
- 4) Ngarékam basa anu digunakeun dina prosés pangajaran basa jeung sastra Sunda nalika lumangsungna éta KBM.

3.7 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan ku cara nganalisis langsung data atawa nalungtik basa panganteur dina prosés nepikeun pangajaran basa jeung sastra Sunda di SMP Negeri 1 Purwadadi luyu jeung tujuan panalungtikan, nya éta perkara alih kode jeung campur kode basa Jawa jeung basa Indonesia kana basa Sunda dina basa panganteur pangajaran basa jeung sastra Sunda.

Téhnik ngolah datana dumasar kana téori pamarekan tata basa struktural. Ieu di handap mangrupa léngkah-léngkah ngolah data anu dilaksanakeun ku panalungtik, di antarana nya éta:

- 1) Nyatet sakabéh data hasil rékaman nalika prosés pangajaran basa jeung sastra Sunda di SMP Negeri 1 Purwadadi.
- 2) Ngahijikeun transkripsi prosés pangajaran basa jeung sastra Sunda di SMP Negeri 1 Purwadadi tina rékaman jeung catetan.

- 3) Maca sakabéh data rékaman prosés pangajaran basa jeung sastra Sunda di SMP Negeri 1 Purwadadi.
- 4) Nyusun papasingan basa Sunda dumasar kana alih kode jeung campur kode jumlah kecap basa Jawa jeung basa Indonesia tina basa Sunda.
- 5) Nganalisis jeung ngadéskripsikeun data.
- 6) Konsultasi jeung dosén pembimbing.
- 7) Nyusun laporan anu disusun dina wangun skripsi.

